

# Mizajou Massachusetts osijè Vaksen COVID-19 la pou Moun ki Gen 75kan oswa Pi Gran



**Koumanse lendi 1ye fevriye, moun ki gen 75kan oswa pi gran elijib pou resevwa vaksen COVID-19 la nan Massachusetts. Yo bay vaksen COVID-19 la gratis.**

## Kilè mwen ka vaksinen?

Vaksinasyon pou moun ki gen 75kan oswa pi gran pral kòmanse nan dat 1ye fevriye epi kontinye pandan rès peryòd livè a jiska pandan peryòd prentan ak lete. Randevou pou moun sa yo ap kòmanse disponib koumanse mèkredi 27 janvyè.

Vaksen COVID-19 ki genyen kounye a bezwen 2 doz. Ou p ap vaksine nèt jiskaske ou resevwa toulede doz, epi toude doz yo ta dwe administre nan menm lokal la.

## Elijibilite

Moun ki gen 75kan oswa pi gran elijib pou vaksen an, koumanse 1ye fevriye. **Tanpri pa bliye sa gendwa pran plizyè semèn pou jwenn yon randevou nan yon lokal ki nan zòn ou.** Pandan livrezon vaksen ap rive Massachusetts, pral gen plis randevou ki vin disponib.

## Kote Ou ka Vaksinen

Gen plizyè lokal kote moun ki gen 75kan oswa pi gran kapab resevwa vaksen. Poutèt rezèv vaksen an limite, **ou gendwa bezwen tann plizyè semèn anvan ou ka fè yon randevou.** Tanpri al gade [paj Wèb ki liste lokal ki bay vaksen yo](#) nan Commonwealth la oswa lis aktyèl tout lokal ki louvri yo, ki gen ladann:

1. Yon **lokal vaksinasyon anmas** Commonwealth of Massachusetts te kreye. Egzanp lokal sa yo gen ladann Gillette Stadium, Fenway Park, Eastfield Mall nan Springfield, DoubleTree Hilton Hotel la nan Danvers, Reggie Lewis Center nan Roxbury ak lòt toujou. Lokal sa yo kounye a gen plis disponibilite pou randevou.
2. Sèten **Konsèy Sante Piblik lokal** k ap bay vaksen an.
3. Sèten **famasi lokal** k ap bay vaksen an.
4. Sèten **founisè swen primè pral ofri pasyan vaksen pi devan nan pwosesis distribisyon an. Si ou ta enterese pou resevwa vaksen COVID-19 la nan men founisè swen sante primè w lan, ou pa bezwen kotnakte founisè w lan nan moman an.** Founisè swen sante yo gendwa kontakte w yomenm pou ba w plis enfòmasyon oswa pou fè yon randevou lèvaksen an disponib. Pa gen lis datant pou vaksen an ni okenn pwosesis enskripsyon sanblab opre founisè swen primè yo.
5. **Pwopriyete kote ou loje a.** Si ou abite nan yon [lojman piblik oswa prive ki bon mache pou senyò ki pa gen anpil revni](#), ka gen yon klinik souplas y ap òganize.

Tanpri sonje yo pral mete lis sa a ajou souvan, lè gen nouvo lokal ki konekte anliy.



## Asistans pou Pwograme yon Randevou

Si ou pa reyisi pwograme yon randevou sou Entènèt oubyen ou ta renmen jwenn èd ak pwosesis pou fè randevou a, yo pral pataje plis enfòmasyon toujou nan jou k ap vini yo. Sèten resous ki gendwa ede w gen ladann, men se pa sa sèlman, òganizasyon lokal ki annapre yo:

- [Konsèy Lokal pou Moun k ap Pran Laj oswa Sant pou Senyò](#)
- Pwen Aksè pou Sèvis Moun k ap Pran Laj Rejyonal ([ASAP](#))

**Nou pral pataje enfòmasyon adisyonèl sou fason pou pou jwenn èd pou pwograme yon randevou, depi yo disponib.**

Si ou pa kapab pou kite lakay ou poutèt kondisyon sante pou yon randevou medikal woutin, y ap revele enfòmasyon adisyonèl konsènan chwa vaksen byento pou asire tout moun elijib ap kapab jwenn aksè nan vaksen.

## Kritè Elijibilite

Lè w ap fè randevou a oswa nan moman randevou a, w ap dwe revwa kritè elijibilite yo epi konfime ke ou elijib pou resevwa vaksen an. Atestasyon pral fèt aloral nan telefòn, aloral oswa alekri nan lokal ki bay vaksen an oubyen anliy, si w ap itilize yon zouti pou fè randevou anliy ak [Fòm Atestasyon Vaksinasyon COVID-19 Massachusetts](#). Lè yo fè randevou a, lokal vaksinasyon an pral bay detay espesifik sou nenpòt enfòmasyon ou gendwa bezwen pou pote nan randevou a. Si ou gen yon kat asirans, tanpri pote li avèk nan randevou a, menmsi li pa nesèsè pou w resevwa vaksen an. **Ou p ap bezwen prezante kat Sosyal Sekirite oswa lat idantite leta bay la pou w ka resevwa vaksen COVID-19 la. Yo p ap janm mande w pou yon nimewo kat kredi pou fè yon randevou.**

## Enpòtans ak Sekirite Vaksen COVID-19 la

Vaksen COVID-19 yo san danje. Vaksen COVID-19 yo ki disponib yo se FDA ak Komite Konsiltatif sou Pratik Iminizasyon CDC a ki apwouve epi rekòmande yo, dapre pwosesis tès ak apwobasyon estanda. Vaksen an pral travay ak sistèm iminite w lan pou li ka pare pou goumen kont viris la. Vaksen yo sibi tès ki trè estrik epi yo dwe pase esèklinik anvan yo ka apwouve yo pou itilizasyon alawonnbadè. Vaksen se pi bon pwoteksyon pou moun ka bese risk pou yo gen lamadi grav poutèt COVID-19 la. Pran vaksen an gendwa pwoteje tou lòt moun ki pre w ki poko reseva vaksen an.

L ap enpòtan pou kontinye mete mask chak fwa ou deyò lakay ou jiskaske gen ase moun ki pran vaksen an. Pandan vaksen yo montre yo efikas ou ede moun ki vaksinen an pa pran malad grav COVID-19 lakòz, yo pa pwouve yo ka bese kapasite yon moun pou pase viris COVID-19 bay zòt yo. Jiskaske nou resevwa plis enfòmasyon, kontinye rete omwen 6 pye (2 mè) pa rapò ak zòt yo, mete yon mask epi lave men ou souvan ak savon epi dlo oubyen sèvi ak yon dezenfektan pou men.

Si ou gen nenpòt preyokipasyon pou pran vaksen an akòz yon pwoblèm medikal, tanpri diskite sou preyokipasyon sa yo ak doktè swen primè ou an. Pou jwenn plis enfòmasyon osijè sekirite vaksen COVID-19 la, al gade nan [www.mass.gov/COVIDVaccineSafety](http://www.mass.gov/COVIDVaccineSafety).



## Enfòmasyon adisyonèl

Yo pral mete ajou enfòmasyon osijè vaksen COVID-19 la regilyèman. Tanpri itilize resous ki annapre a tou:

- [Enfòmasyon osijè Vaksen COVID-19 la nan Massachusetts](#)
- [Dènye Mizajou sou Vaksen COVID-19 la nan Massachusetts](#)
- [Kwonoloji ak Elijibilite nan Distribisyon Vaksen COVID-19 la](#)
- [Loka yo k ap Bay Vaksen COVID-19 la pou Kounye a](#)
- [Pwogram Vaksinasyon COVID-19 la nan Massachusetts \(MCVP\)](#)
- [Enfòmasyon pou estaf ak rezidan etablisman swen alontèm yo, ALR \(Rezidan pou Lavi Otonòm\) ak Mezon Retrèt yo](#)
- [Enfòmasyon pou rezidan ak estaf lojman pou senyò ki bon mache](#)
- [Enfòmasyon pou travayè swen sante ki baze nan kay](#)
- [Kesyon Moun Poze Souvan konsènan Vaksen COVID-19 la](#)
- [Sekirite Vaksen COVID-19 la](#)
- [Enskri pou Resevwa Alèrt COVID-19 yo](#)